

988: Verite yo Sèlman



Office of
Mental Health

Depi apre yo fin lanse li nan mwa Jiyè 2022, gen anpil fo enfòmasyon sou 988 ki ap sikile sou Entènèt. **Men kèk verite enpòtan tout moun dwe konnen konsènan 988 nan New York.**



988 ak 911 se sèvis ki separe epi yo chak gen sant separe pou kontakte yo.



988 se pa 911 ki la pou sante mantal. Olye pou yo voye sèvis pou ou san pèdi tan, **988 gen yon seri konseye ki fòme ki la pou ba ou yon sipò emosyonèl.**



988 pa gen kapasite pou lokalize anplasman jeyografik moun ki rele yo.



Aktyèlman, **se mwens pase 2% nan apèl 988 yo ki mande pou lapolis entèvni.** An jeneral, sa rive lè yon moun an danje.



988 pa **la sèlman pou kesyon kriz suisid.** Li la pou nenpòt pwoblèm yon moun kapab genyen ki lakoz detrès.



80% nan apèl 988 yo rezoud nan telefòn. An jeneral, lòt 20% an mande pou gen sèvis kriz mobil oswa lòt sèvis pou fè suivi.



988 ofri yon **sipò emosyonèl ki gratis epi ki konfidansyèl.** Yo ap mete ou an kontak avèk yon konseye ki fòme, ki ap pale avèk ou epi ki ap ba ou sipò si ou chwazi aksepte li.



Moun ki reponn mesaj tèks, tchat ak apèl 988 se **konseye nan kesyon kriz ki resevwa fòmasyon ak sipèvizyon ki an pwofondè, sitou nan fason pou reyaji devan yon kriz.**



Ou **pa bezwen bay enfòmasyon pèsonèl sou ou** lè ou rele 988. Konseye a kapab mande ou kèk enfòmasyon, men ou kapab refize bay enfòmasyon sa yo si ou pa santi ou alèz pou fè sa.



Rele 988